



Dumasar Metode Ngalarapkeunana:

(Abram ngabagi jadi kritik judisial & kritik impresionistik, sedengkeun Hudson ngabagi jadi kritik judisial & kritik induktif)

1. Kritik Induktif
2. Kritik Judisial
3. Kritik Impresionistik

Dumasar Metode Ngalarapkeunana

Kritik Judisial (KJ)

1. Kritik sastra anu medar jeung ngungkarakeun efek-efek karya sastra dumasar pokok-pokona, organisasina, tehnik jeung gayana, kalawan dumasar kana pertimbangan individual kritisus sarta nyindekel kana kahebatan sastra.
2. KJ nganggap (ngaku) kana hukum-hukum sastra, saperti warga nagara ngagem kana hukum moral atawa hukum nagara. Ieu hukum teh nyengker parasastrawan saperti hukum moral atawa hukum nagara nyengker ka wargana. Jadi sastrawan gugon kana eta hukum atawa kana norma-norma sastra anu geus ngabaku tur statis, nu geus ditetepkeun ku sastrawan samemehna dina nyiptakeun karya sastra.
3. Nyindekel kana ukuran nu geus ngabaku (fixed standard), nu ngabalukarkeun hiji karya sastra bisa direka jeung *dihakimi*.
4. Ngajen/meunteun karya sastra secara absolut/mutlak, konvensional, tur dogmatik. Ceuk Hudson, dina jaman renaissance ieu warna kritik teh ngajenna nyindekel/dumasar kana kaidah-kaidah sastra Yunani. Dina ngajen karya drama upamana, nyindekel kana *trio unites* (tiga kesatuan) Aristoteles, nyaeta kesatuan tempat, kesatuan waktu, jeung kesatuan lakon. Upama karya drama teu nohonan kana salahsahiji eta aturan, eta karya teh dianggap hengker.

Kritik Induktif (KI)

1. Kritik sastra nu medar unsur karya sastra dumasar kana kajadian-kajadianana (dina karya) secara objektif.
2. Teu nganggap (teu ngaku) kana hukum-hukum atawa norma-norma karya sastra nu geus ngabaku (nu geus ditetepkeun ku sastrawan samemehna dina nyiptakeun karya sastra). Pikeun KI, hukum sastra sarua jeung hukum alam pikeun sarjana ilmu alam. Hukum alam ukur mangrupa pernyataan umum tina hiji susunan nyata anu ditalungtik di antara fenomena-fenomena. Cindekna, hukum sastra geus napel dina eta karyana sorangan.
3. Nolak ayana ukuran resmi nu ngabaku. Kasusastran mangrupa produk, hasil tina evolusi, ku kituna sajarahna teh mangrupa transformasi/parobahan nu terus-terusan nepi ka euweh kriteria nu permanen.
4. Nalungtik kasusastran sacara murni dumasar tata laksana para seniman, tur nganggap karya sastra ibarat objek alam sejenna, nu terus mekar taya kendatna, nu mungkin wae dipiharep baris nimbulkeun perbedaan-perbedaan antar penulis atawa antar madhab-madhab sastra, sarta eta hal teh bisa dicangkem ku implengan sacara husus tanpa tekenan hukum-hukum nu geus aya.
5. Teu ngaku kana tingkatan-tingkatan karya sastra (punjur-hengker), ku kituna meunteunna tangtu relatif, sabab teu nganggap ayana perbedaan tingkatan-tingkatan karya sastra, sarta nyaram ngabandingkeun antara hiji karya jeung karya sejenna.

Kritik Impresionistik (KI)

1. Kritik sastra pikeun ngungkarakeun sipat-sipat nu aya dina karya sastra dumasar kana tanggapan-tanggapan kritikus (Abram).
2. Disebut oge kritik estetik (T.S. Eliot).
3. Kritikus ngungkarakeun kesan-kesanna kana hiji karya tur napsirkeun, pikeun nimbulkeun rasa reueus ka pamaca sarta pikeun nimbulkeun kesan endah di diri pamaca.
4. Kritikus ukur nyaritakeun deui karya ditarung ku tapsiran.
5. Kesan kritikus sipatna (remen) subjektif.
6. Kritikus teu meunteun kana karya (teu tepi kana ngajen).

Dumasar Corak atawa Nu Nulisna

Kritik Akademik

1. Kritik nu ditulis ku para akademisi,
2. Corakna ilmiah,
3. Conto: skripsi, tesis, disertasi, panalungtikan.

Kritik Sastrawan

1. Ditulis ku sastrawan,
2. Corakna ekspresif atawa impresionistik,
3. Ilaharna dimuat di media massa

Kritik Umum

1. Ditulis ku masarakat umum, lain sastrawan atawa akademisi,
2. Corakna ekspresif atawa impresionistik,
3. Ilaharna dimuat di media massa

Dumasar Orientasi atau Dasar Sawanganana

1. Kritik Objektif → museur kana karya sastra → formalis/strukturalis (1915-1926).
2. Kritik Mimetik → museur ka alam/lingkungan → fenomenologis.
3. Kritik Ekspresif → museur ka pangarang → romantik (1800-an).
4. Kritik Pragmatik → museur ka pamaca/masyarakat → Marxis.